

## Dwa ou konsènan Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou:

Oumenm ak pitit ou yo gen dwa sa yo anrapò avèk Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou:

- Pou enspekte oswa pou jwenn yon kopi Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou Healthy Kids konsève. Tanpri sonje Healthy Kids ka pa gen posiblite pou bay Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ki se pati yon litij k ap fèt nan moman an, ki gen ladan nòt siko-terapi, oswa ki eskli nan divilgasyon dapre lalwa. Healthy Kids ka reklame yon frè pou travay sou demann ou. Ou gen dwa tou pou jwenn yon kopi dosye sante pitit ou nan klinik pwofesyonèl swen medikal pitit ou (doktè swen prensipal, dantis, plan sante, oswa famasi, elatriye).
- Pou mande pou Healthy Kids fè chanjman nan enfòmasyon sou sante ou ki pa kòrèk oswa ki pa konplè.
- Pou chanje adrès ou oswa nimewo telefòn ou si lè nou kontakte ou nan adrès ou oswa nimewo telefòn ou genyen moman an sa ta menase ou oswa pitit ou yo.
- Pou mande yon lòt kopi avi sa a. (Avi sa a afiche tou sou sitwèb Healthy Kids nan [www.healthykids.org](http://www.healthykids.org).)
- Pou mande pou nou limite itilizasyon ak divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou. (Dapre gid obligatwa yo, Healthy Kids pa ka gen obligasyon pou dakò avèk demann ou.)
- Pou mande yon dosye kote Healthy Kids te divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou. Dosye sa a ka pa gen divilgasyon enfòmasyon yo pou tretman, peman, ak operasyon swen sante; divilgasyon enfòmasyon ou te otorize; oswa divilgasyon lòt enfòmasyon lalwa otorize. Pa gen frè pou peye pou yon demann konsa chak ane. Ka gen yon frè pou plis demann ou fè souvan. Demann ou ka gen ladan divilgasyon enfòmasyon ki la depi uit (8) ane.

## Fason pou egzèze dwa ou konsènan divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou:

Si ou gen kesyon, oswa si ou vle fè yon demann konsènan Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou Healthy Kids konsève nan moman sou pitit ou, oswa si ou ta renmen resevwa yon lòt kopi avi sa a,

tanpri rele Biwo Enfòmasyon Prive Healthy Kids gratis nan nimewo 1-888-352-5437. Healthy Kids ka mande ou pou voye demann ou alekri nan adrès Biwo Enfòmasyon Prive ki endike anba la a.

### Fason pou fè yon plent:

Si ou kwè nou te vyole dwa ou pou enfòmasyon prive, ou ka voye plent alekri ou nan Biwo Enfòmasyon Prive a nan adrès: Florida Healthy Kids Corporation, Attention: Privacy Office, P.O. Box 980, Tallahassee, FL 32302-0980; telefòn pou rele gratis se 1-888-352-5437. P ap gen konduit vanjans kont ou akòz nenpòt plent ou fè.

Ou ka fè yon plent tou ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal ki nan adrès 200 Independence Avenue, SW, Washington D.C., 20201, telefòn pou rele gratis se 1-800-368-1019.

### Règleman nou pou enfòmasyon prive ka chanje:

Lwa federal egzije Healthy Kids tou pou ba ou, antan chèf fanmi ou, avi sa a, epi pou Healthy Kids respekte kondisyon avi sa a. Avi sa a anvigè nan dat 14 avril 2003. Healthy Kids gen dwa pou chanje kondisyon avi sa a ak règleman ak pratik pwoteksyon nou pou enfòmasyon prive nenpòt kilè. Nenpòt chanjman nan règleman ak pwosedi nou yo ap aplike pou tout Enfòmasyon Pwoteje sou Sante Healthy Kids posede nan moman chanjman an. Si Healthy Kids fè yon gwo chanjman nan règleman ak pratik pwoteksyon nou pou enfòmasyon prive, Healthy Kids ap voye yon kopi revize ba ou anvan 60 jou ki vini apre chanjman an. Healthy Kids ap mete yon nouvo avi tou sou sitwèb nou nan [www.healthykids.org](http://www.healthykids.org).

#### Privacy Office

Florida Healthy Kids Corporation  
Attention: Privacy Office  
661 E. Jefferson Street, 2<sup>nd</sup> Floor  
Tallahassee, FL 32311

**Si usted prefiere recibir su correspondencia en español, por favor llámenos al 1-800-821-KIDS (5437). Esta llamada es sin cargo.**

**Si w prefere resevwa enfòmasyon sa an kréyol, tanpri rélé nou nan 1-800-821-KIDS (5437). Koutfil sa a gratis.**

---

---

# FLORIDA HEALTHY KIDS CORPORATION

---

---

## AVI SOU PRATIK PWOTEKSYON EFÒMASYON PRIVE

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA UTILIZE AK DIVIL ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU AK SOU TIMOU SOU KONT KIDCARE OU, EPITOU AVI A DEKRI FA! OU KAPAB JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA A

TANPRI LI AVI A AVÈK ANPIL ATANSYON.  
(OU PA BEZWEN BAY REPONS.)

### Pou kisa ou resevwa avi sa a:

Florida Healthy Kids Corporation ("Healthy Kids") pran angajman pou pwoteje enfòmasyon prive Florida KidCare sou sante ou ak sou sante pitit ou ("ou"). Avi sa a eksplike pratik pwoteksyon enfòmasyon prive sosyete Healthy Kids, li dekri fason Healthy Kids ka divilge ak itilize enfòmasyon sou sante ou, epitou avi a dekri fason ou ka gen aksè nan enfòmasyon sou sante ou. Lwa federal ak lwa eta egzije pou Healthy Kids pwoteje sèten enfòmasyon sou sante. Healthy Kids travay sou enfòmasyon sou sante ou epi nou konsève enfòmasyon pou twa (3) rezon prensipal:

- Pou detèmine si ou ka kalifye pou

- Pou detèmine si ou kalifye pou lòt pwogram Florida KidCare yo, (Healthy Kids, MediKids, ak Children's Medical Services Managed Care Plan), epi pou bay kontinwite kont lan pou fanmi ki gen timoun nou jwenn ki kalifye yo, epi
- Pou administre pwogram Healthy Kids.

### Kimoun resevwa avi sa a:

Omwen chak twazan, Healthy Kids ap bay avi sa a pou chak fanmi ki remèt yon aplikasyon Florida KidCare.

### Kisa Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ye?

Anjeneral, Enfòmasyon Pwoteje sou Sante se enfòmasyon ki ka idantifye ou, ki konsène kalifikasyon ak enskripsyon pase, prezan, oswa fiti pitit ou nan yon pwogram Florida KidCare, peman prim Florida KidCare, ak tretman medikal, dantè ak konpòtmantal.

### Fason Healthy Kids itilize ak divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou:

Healthy Kids ak asosye biznis li yo itilize Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Kèk nan aktivite sa yo se enskripsyon pitit ou yo nan pwogram Florida KidCare, rekouvremant ak peman prim asirans sante timoun ou yo, administrasyon pwogram Healthy Kids, asire plan sante Healthy Kids bay pi bon kalite swen sante ki nesèsè a, epitou fè rechèch sou pwogram asirans sante timoun.

### Men kèk egzanp fason Healthy Kids itilize enfòmasyon sou sante ou:

- Nou itilize repons ou bay nan Aplikasyon pou FloridaKidCare konsènan pwoblèm medikal ak laj pitit ou pou detèmine pwogram Florida KidCare ki apwopriye pou pitit ou.
- Nou ka divilge repons ou bay nan aplikasyon an ba lòt pwogram Florida KidCare pou yo kapab detèmine kalifikasyon medikal ou avèk presizyon pou pwogram swen sante espesyal.
- Nou ka divilge enfòmasyon finansye ou ba Department of Children and Families (Depatman Timoun ak Fanmi) pou yo kapab detèmine kalifikasyon finansye ou pou Florida KidCare Medicaid.

- Nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba plan sante Healthy Kids ak lòt pwogram Florida KidCare pou rezon enskripsyon ak anilasyon enskripsyon.
- Nou ka divilge dosye medikal pitit ou, dosye konpòtmantal li ak dosye swen dan li pou revize kalite swen nou ba ou a.
- Nou ka voye rapèl Well-Care Check-Up, epi nou ka bay enfòmasyon pou yon konpayi pou rele ou pou fè ou konnen kijan pou jwenn sèvis yo.
- Nou ka itilize enfòmasyon medikal, dantè ak konpòtmantal pitit ou pou nou travay sou doleyans oswa plent yo.
- Nou ka revize bòdwo swen medikal pitit ou, swen sante dan li ak swen sante konpòtmantal li pou detèmine si ou kalifye pou yon soulajman nan peman prim asirans lan.
- Nou ka revize enfòmasyon sou enskripsyon ak pwoteksyon ou nan asirans sante nan lòt founisè pwogram Florida KidCare oswa lòt konpayi asirans pou konfime si pitit ou yo kalifye pou pwoteksyon an, epi pou aranjman pou jwenn avantaj yo.
- Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou pou rasanble estatistik ak done pou itilize nan kreyasyon règleman piblik ak nan amelyorasyon fonksyon pwogram (tankou pou nou travay sou detèminasyon kalifikasyon ak enskripsyon).
- Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba konsèy direktè yo ak twazyèm pati asosye anrapò avèk rezolisyon konfli, plent, ak analiz aktyaryèl.
- Nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba patnè finansye ki ka responsab pou fè peman prim pou timoun ou yo anba pwogram Healthy Kids ak lòt pwogram Florida KidCare.

Chak konpayi ak ajans ki revize enfòmasyon ou yo gen obligasyon dapre lalwa pou kenbe yo an prive.

### Healthy Kids ka itilize epi divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante jan lalwa otorize sa, ki ka gen ladan divilgasyon ki endike anba la yo:

- Ba lòt pwogram Florida KidCare oswa ajans gouvènman ki bay avantaj piblik oswa ki detèmine kalifikasyon pou Florida KidCare ak respè règleman yo.

- Pou sipèvizyon sante, tankou enspeksyon, verifikasyon, revizyon, ankèt ak rapòtaj pou nou kapab asire nou respekte lwa federal, lwa eta ak lwa lokal.
- Pou sante piblik, tankou sekou pou katastwòf oswa pou kontwòl maladi.
- Lè yon lwa egzije pou nou rapòte enfòmasyon sou abi, neglijan oswa yon vyolans nan kay ki sispèk.
- Pou avèti yon menas grav pou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la.
- Kote divilgasyon enfòmasyon yo obligatwa dapre lwa federal, lwa eta oswa lwa lokal, oswa pwosedi jidisyè. Pa egzanp, pou bay repons pou yon lòd tribinal, papye pou prezante nan tribinal, oswa lòt pwosesis legal, oswa anrapò avèk yon ankèt sou fwod, oswa pou yon enstitisyon koreksyonèl oswa sant Jistis Jivenil ki gen pitit ou an gadavi.
- Pou fè rechèch sèvis epi pou fè rapòtaj p amelyorasyon pwogram Healthy Kids ak Florida KidCare.
- Ba gouvènman federal la pou sekirite nasyonal, sèvis pwoteksyon, aktivite fòs lame, oswa aktivite veteran.
- Ba doktè lejis, egzaminatè medikal, ak direktè ponp finèb; epi pou don ògàn.

Ba fanmi ou oswa ba lòt moun ki patisipe nan swen medikal timoun ou yo. (Ou gen dwa pou pa dakò avèk divilgasyon enfòmasyon sa yo.)

### Divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante nan Healthy Kids ou nan Florida KidCare ba moun oswa pou lòt rezon:

Kòm yon règ jeneral, divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ki pa pou tretman, peman, oswa itilizasyon operasyonèl ki dekri anwo a egzije konsantman ou alekri. Pou otorize Healthy Kids pou fè divilgasyon enfòmasyon sa yo, kontakte Healthy Kids depi ou rele gratis nan nimewo 1-800-821-KID (5437), epi mande yon fòm otorizasyon pou divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante. Biwo Enfòmasyon Prive Healthy Kids ap ede ou avèk enfòmasyon ki nesèsè pou otorize divilgasyon an. Si ou pa kapab bay otorizasyon ou akòz yon ijans, nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou jan sa sanble nan pi bon enterè ou. Ou ka anile otorizasyon ou nenpòt kilè depi ou voye yon lèt nan Biwo Enfòmasyon Prive nan adrès ki endike anba la a.